



Pou Piblikasyon Imedya: 7/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE JOUNEN LAPÈCH GRATIS 11 NOVANM POU
ONORE VETERAN NEW YORK YO**

Egzijans lisans lapèch nan dlo dous anile pou rezidan ak non-rezidan yo

*Jounen Lapèch Gratis se youn nan plizyè fason Eta New York rekonèt epi ede
Veteran yo ak militè aktif nan fonksyon yo nan konekte ak aktivite deyò*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York ap onore veteran yo ak yon Jounen Lapèch Gratis nan tout eta a vandredi 11 novanm. Chwazi pou kowenside ak Jounen Veteran an, 11 novanm pral make dènye Jounen Lapèch Gratis nan ane a. Lapèch konsidere kòm youn nan aktivite deyò ki pi terapetik, sa ki fè li se yon aktivite ideyal pou veteran yo, moun k ap sèvi kounye a nan militè a, ak tout Nouyòkè k ap chèche soti deyò epi jwi aktivite deyò.

"N ap jete yon liy nan dlo pou tout veteran New York yo ak Jounen Lapèch Gratis sa a kòm youn fason pou onore moun ki te sèvi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak gwo efò konsèvasyon nou yo pou pwoteje resous natirèl ak anviwòmantal nou yo, New York kontinye ofri opòtinite lapèch eksepsyonèl pou pechè tout nivo konpetans ak kapasite yo. Jounen lapèch gratis sa a pral ofri yon gwo opòtinite pou moun ki brav nou yo ki te sèvi pou pwoteje demokrasi nou ak libète nou pou nou jwi youn nan anpil kote lapèch klas mondyal nan Eta New York."

Pandan Jounen Lapèch Gratis yo deziyen yo, pechè yo pa bezwen yon lisans lapèch pou yo fè lapèch nan dlo fre New York yo. Tout lòt règleman lapèch yo an vigè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Jounen Lapèch Gratis la, vizite [sitwèb Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal \(DEC\) la.](#)

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwòmman an, Basil Seggos, te deklare, "DEC fyè pou l ede onore veteran New York yo. Avèk plis pase 7,500 lak ak etan ak 112,654 kilomèt rivyè ak kouran dlo, New York ofri yon pakèt opòtinite pou lapèch nan dlo dous atravè eta a pou pechè yo jwi pandan tout ane a. DEC ak patnè nou yo pran angajman pou kontinye angaje veteran ak militè ki aktif nan fonksyon yo epi pataje anpil avantaj lapèch, lachas, randone, ak lòt aktivite deyò ka bay sante fizik ak sante mantal."

Pwogram [Pwogram Jounen Lapèch Gratis la](#) te kòmanse nan ane 1991 pou bay moun ki ta pa ka peche yo yon opòtinite pou yo eseye espò a gratis, epitou pou ankouraje moun sipòte konsèvasyon lè yo achte yon lisans lapèch Eta New York. [W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon lisans lapèch](#) sou sitwèb DEC la.

Agrandi Opòtinite Lapèch nan New York

Eta New York pran angajman pou rann aktivite deyò yo pi aksesib epi entwodui nouvo pechè yo nan espò lapèch la. Atravè [Pwogram I FISH NY](#) DEC la, eta a ap ogmante patisipasyon lapèch ak konsyantizasyon sou opòtinite lapèch eksepsyonèl isit la nan New York.

Wikenn sa a, DEC te òganize evènman Pèch ak Mouch pou Veteran (Veteran Fly Fishing) anyèl li. Pandan 15 dènye ane yo, DEC bay veteran yo yon chans pou yo kenbe ak lage twit akansyèl sou yon pòsyon prive nan Salmon River kòm yon pati nan yon patenarya ak [Pwojè Pèch ak Mouch nan Dlo Byenfèzant \(Project Healing Waters Fly Fishing, PHWFF\)](#) ak [CompeerCORPS Rochester](#). PHWFF se yon òganizasyon nasyonal san bi likratif ki dedye a reyabilitasyon fizik ak emosyonèl veteran andikape ak pèsònèl sèvis militè aktif ki andikape atravè lapèch ak mouch ak edikasyon sou montaj mouch ak konstriksyon baton lapèch. Kounye a yo rekonèt li kòm yon lidè inovan nan domèn lwazi terapetik deyò. CompeerCORPS founi manm kominote a k ap viv ak pwoblèm sante mantal, pandan y ap kraze estigma sou kondisyon sante mantal yo.

Lidè Pwogram Pwojè Pèch ak Mouch nan Dlo Byenfèzant Oswego a, John Propster, te deklare, "Òganize evènman anyèl nan wikenn sa a, DEC ak CompeerCORPS te rasanble anpil veteran ansanm nan kamaradri ak gwo istwa lapèch. Sipò DEC nan lokal lapèch, jou lapèch gratis, ak lojman te fè wikenn sa a yon moman fò nan ane chak patisipan yo, menm si yo pa te ateri sou sa ki pi gwo a. Nou pa ka remèsye DEC ase pou jenerozite yo."

Dave Agness, Kofondatè Lekòl Gèrye Baton Lapèch ak Mouch pou Veteran Andikape nan Rochester CompeerCORPS (Rochester CompeerCORPS Fly Rod Warriors School for Disabled Veterans) te deklare, "Se onè distenge nou pou nou sèvi gason ak fanm vanyan sa yo ki te defann peyi nou an. Kounye a, nou gen opòtinite, ak DEC, pou nou mennen yo deyò nan anviwònman l primitif ak trankil sa a nan espwa ke yo jwi yon wikenn nan kamaradri ak gwo pwason."

Rezidan Eta New York ki kalifye tou kòm manm militè aktif (gade <https://www.dec.ny.gov/permits/6097.html> pou plis detay) ka resevwa yon lisans lapèch gratis, ansanm ak yon lisans lachas ak/oswa pyèj gratis, depi yo gen yon edikasyon chasè ak/oswa pyèjè ki apwopriye. Veteran ki gen yon andikap ki gen rapò ak sèvis ki 40 pousan oswa plis (prèy chak ane obligatwa ki soti nan men Depatman Afè Veteran Etazini (U.S Department of Veterans Affairs) ka jwenn lisans lachas ak lapèch ak preferans pou Pèmi Jesyon Sèf (Deer Management Permits). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite sou sitwèb DEC la nan <https://www.dec.ny.gov/outdoor/83411.html>

DEC raple pechè yo kounye a kapab jwi resous lapèch twit New York yo pandan tout ane a. Pechè yo oblije itilize sèlman atraksyon atifisyèl epi imedyatman lage twit yo kenbe yo. Sezon kenbe ak lage a aplikab pou rivyè twit enteryè sèlman. Pechè yo ta dwe konsilte [Gid règleman DEC](#) la pou règleman ki asosye ak lak ak etan ki bay twit yo anvan yo peche.

Jwenn yon Kote pou Peche Toupre w

Nan kòmansman ane sa a, DEC te lanse nouvo fonksyon 'Tackle Box' la pou amelyore touris ki gen rapò ak lapèch epi ede nouvo pechè ak sila yo ki gen eksperyans yo jwi gwo lapèch yo ofri nan tout New York. Fonksyon Tackle Box la disponib sou [aplikasyon telefòn entelijan HuntFishNY](#) DEC la (disponib pou iOS ak Android) ki bay enfòmasyon sou prèske tout règleman lapèch, mas dlo Eta a, sit aksè ak lapèch Eta a opere, enfòmasyon sou stokaj, ak lòt fonksyon itil tankou foto pou ede idantifye pwason ke yo gendwa jwenn nan kèk rivyè, lak, oswa kouran dlo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon mobil HuntFishNY la sou [sitwèb DEC la](#).

Pou jwenn opòtinite pou fè lapèch toupre w, vizite [paj Lokal pou Lapèch](#) sou sitwèb DEC la. Pou plis enfòmasyon sou plis opòtinite pou lapèch Twit sou rivyè enteryè yo [konsilte Kat Lapèch Twit nan Rivyè Entè-aktif](#) sou [Lokalizatè Enfòmasyon DEC \(DECinfo Locator\) la](#) Kat jeyografik la bay pechè twit nan rivyè kote inik pou enfòmasyon sou estokaj, aksè ak lapèch, dat sezon yo, ak règleman yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418